

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran abad ka-21, siswa téh dipiharep bisa ngawangun kamampuh mikir tingkat luhur, siswa diajak mikir tingkat luhur téh nyaéta mikir kréatif, inovatif, kritis, jeung toléran, sarta mibanda kamampuh matotoskeun pasualan, ieu téh mangrupa kompetensi ésénsial anu bisa dilatih ngaliwatan pangajaran (Widana, 2017).

Nurutkeun Hanifah (2019), saupama siswa geus nyangking kamampuh mikir tingkat luhur, tangtu nalika nyanghareupan pasualan siswa téh bisa ngungkulan éta pasualan kalawan hadé, bener tur percaya diri. Dina émprona, kamampuh mikir tingkat luhur siswa téh masih kénéh handap, tangtu kudu ayana hiji parobahan atawa cara pikeun ngaronjatkeun kamampuh mikir siswa, anu udaganana siswa téh bisa ngalaksanakeun analisis, évaluasi, jeung bisa ngama'naan hiji hal. Hal anu dijadikeun indikator pikeun ngukur kamampuh mikir siswa téh nyaéta ku cara ngagunakeun taksonomi Bloom, anu dibagi jadi tilu domain, nyaéta diménsi pangaweruh anu patali jeung dicangkingna pangaweruh, diménsi sikep anu patali jeung dicangkingna sikep jeung paripolah, sarta diménsi kaparigelan anu patali jeung dicangkingna kaparigelan (Helmawati, 2019, kc. 142).

Nurutkeun Churches (2008), dumasar taksonomi Bloom édisi révisi, aya dua tingkatan kamampuh mikir kognitif, nyaéta *LOTS (Lower Order Thinking Skill)* anu di jerona ngawengku kamampuh nginget, maham, jeung ngalarapkeun, sarta hiji deui aya *HOTS (Higher Order Thinking Skills)* anu eusina ngawengku kamampuh analisis, évaluasi, sarta kréasi (kamampuh nyiptakeun hal anyar).

Kamampuh mikir tingkat luhur téh sakuduna dijadikeun hiji prioritas nalika ngalaksanakeun prosés diajar, sabab siswa diperedih pikeun jadi manusa anu kréatif tur inovatif nalika hirup kumbuh di jaman ayeuna. Tohir (2019) nétélakeun di taun 2018, hasil survey PISA Indonesia téh mungkin turun tibatan dina taun 2015, nyaéta aya di réngking ka 71 ti 79 nagara. Dumasar data-data anu geus dipedar, katitén kamampuh mikir siswa di Indonesia téh masih aya dina katégori

handap, tangtu ayana évaluasi dina widang atikan kudu pisan dilaksanakeun, sangkan hasil diajar tur daya mikir tingkat luhur siswa di Indonesia téh bisa leuwih ngaronjat deui.

Salasahiji tarékah dina ngaronjatkeun daya mikir siswa téh bisa ngaliwatan buku téks anu hadé, sabab buku téks téh dijadikeun sumber pangajaran anu bisa nangtukeun suksésna hasil udagan pangajaran. Kitu ogé, buku téks téh kudu bisa saluyu jeung kurikulum anu keur dipaké, atawa kurikulum anu panganyarna, jeung deui kudu bisa ngarojong kana pangabutuh anu nyampak di masarakat, sabab ieu buku minangka aktualisasi sudut pandang anu unggul ngeunaan pangaweruh modérn ti para ahli, sarana aplikasi pangaweruh, pandangan ti para pakar pikeun midangkeun élmu pangaweruhna sangkan bisa sumebar di masarakat (Haerudin, 2019, kc. 3).

Eusi tina buku téks kudu bisa ngarojong kana mekarna kamampuh mikir tingkat luhur siswa, kaasup buku téks pangajaran basa Sunda. Ayana buku téks anu hadé téh minangka tarékah sangkan siswa anu lulus téh bisa nyumponan kritéria standar lulusan sakola anu panganyarna. Pangajaran basa Sunda mibanda kurikulumna sorangan, nyaéta Kurikulum Tingkat Daerah. Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat nyarungsum KIKD mata pangajaran basa jeung sastra daérah anu didadasaran ku Kurikulum 13, ku kituna katitén analisis muatan matéri jeung alat évaluasi mata pangajaran basa Sunda téh penting pisan pikeun dilaksanakeun. Salasahiji alat évaluasi anu baris dianalisis téh nyaéta buku téks pangajaran basa Sunda anu mindeng dipaké sakola sabudeureun kabupatén Bandung kitu ogé di sababaraha daérah di Jawa Barat, nyaéta buku *Simpay Basa Sunda* nu disusun ku Yayat Sudaryat. Ieu buku téh ngagunakeun Kurikulum Daérah Basa Sunda 2013 révisi 2017.

Buku *Simpay Basa Sunda* téh mangrupa buku ajar nu disarungsum pikeun jenjang SMP, ti mimiti kelas VII nepi ka kelas IX. Tapi sangkan museur tur jero, analisis kontén *HOTS* dina ieu panalungtikan dihususkeun kana kana buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII. Ieu hal téh sangkan analisis anu dilaksanakeun bisa leuwih jembar. Udagan dina ieu panalungtikan téh sangkan bisa mastikeun buku anu jadi sumber acuan pikeun ngahontal udagan pangajaran téh bisa jadi média pikeun ngarojong kana mekarna daya mikir tingkat luhur para siswa.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan analisis *HOTS* téh aya nu ti luar departemén, nyaéta aya panalungtikanana Lutfiana (2019) kalawan judul *Analisis Muatan Higher Order Thinking (HOT) Pada Buku Teks Kurikulum 2013 Pegangan Guru dan Pegangan Siswa kelas VI Sekolah Dasar Tema Menjelajah Angkasa Luar*.

Saupama anu ti departemén Pendidikan Bahasa Sunda mah nyaéta ku Cahyati (2021), kalawan judul *Analisis HOTS dina Buku Téks Pangajaran Basa Sunda Gapura Basa SMP Kelas VIII*.

Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nyaéta fokus objékna. Kitu ogé analisis bahasan wangun *HOTS*-na. Ku sabab kitu, penting pisan ayana analisis *Higher Order Thinking Skills* dina buku téks basa Sunda. Salian ti éta, aya ogé sasaruana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén, hususna panalungtikan Cahyati (2021), nyaéta ngagunakeun buku anu jenjangna sarua, ieu téh minangka salasahiji tarékah sangkan bisa leuwih mekarkeun kualitas buku téks pangajaran basa Sunda.

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar, ku kituna penting pisan aya analisis *Higher Order Thinking Skills* kana buku téks Basa Sunda. Didadaran ku éta hal, baris dilaksanakeun panalungtikan kalawan judul “Analisis Kontén *HOTS* dina Buku *Simpay Basa Sunda* Kelas VIII”.

1.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan, dumasar kana kasang tukang di luhur, pasualan anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan, nyaéta

- 1) kamampuh mikir tingkat luhur siswa masih kénéh héngkér;
- 2) kurangna analisis ragam lével kognitif, unsur stimulus jeung unsur kontékstual dina buku téks; sarta
- 3) buku miboga oriéntasi kana pangajaran abad-21, penting pisan pikeun bisa ngudag udagan pangajaran abad-21.

Dumasar kasang tukang jeung idéntifikasi masalah nu geus dipedar, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha ragam lével kognitif anu aya dina kontén buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII?
- 2) Naha unsur stimulus téh geus nyampak dina kontén buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII?
- 3) Naha unsur kontékstual téh geus nyampak dina kontén buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun maluruh muatan *HOTS* dina kontén (udagan pangajaran, pituduh jeung soal) anu dipidangkeun dina buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana kasang tukang di luhur, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun medar:

- 1) ragam lével kognitif anu aya dina udagan pangajaran, pituduh jeung soal buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII;
- 2) unsur kontékstual anu nyampak dina kontén (udagan pangajaran, pituduh, jeung soal) buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII;
- 3) unsur stimulus dina kontén (udagan pangajaran, pituduh jeung soal) buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi salasahiji média pikeun mekarkeun paélman ngeunaan buku ajar, hususna buku téks basa Sunda pikeun jenjang SMP. Salian ti éta, dipiharep ogé sangkan bisa ngirut panalungtikan séjén pikeun leuwih melék kana pangabutuh siswa sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh mikir tingkat luhur siswa dina pangajaran abad 21.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan téh bisa diwincik saperti ieu di handap.

- a. Mangpaat pikeun Siswa
sangkan siswa bisa leuwih kairut nalika diajar maké ieu buku;
- b. Mangpaat pikeun Guru
sangkan guru bisa leuwih maham kana eusi anu kawengku dina buku ajar salaku bahan ajar di kelas, udaganana sangkan kamampuh tingkat luhur siswa téh bisa ngaronjat.
- c. Mangpaat pikeun Panalungtik
panalungtik jadi miboga pangaweruh anu jembar kana maham buku ajar anu alus dina raraga ngaronjatkeun kamampuh tingkat luhur siswa (berbasis *HOTS*), nu miboga udagan sangkan bisa dipaké jadi bahan ajar di lembaga atikan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ngawengku tiori konsép pangajaran dina abad ka-21, tiori *HOTS*, bahan ajar, buku téks, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, téhnik analisis data, jeung isu étik.

BAB IV Hasil Panalungtikan, ngawengku pedaran ragam lével kognitif, unsur stimulus sarta unsur kontékstual anu nyampak dina buku *Simpay Basa Sunda Kelas VIII*.

BAB V Kacindekan, ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi, jeung implikasi.